bokk na ci rafetug ngëmu nit ki: mu bàyyi lu ko amalul njariñ

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "bokk na ci rafetug ngëmu nit ki: mu bàyyi lu ko amalul njariñ".

[قال النووي: حديث حسن] [رواه الترمذي وغيره]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day leeral ne: bokk na ci matug rafetug lislaamu nit ki ak matug ngëmam, mu sori lépp lu ko amalul njariñ te mbiram te yitteelu ko, ak lépp lu ko dul jariñ ci ay wax ak i jëf, walla lu ko amalul njariñ ci diine ak ci àdduna, ndax yittewoo lu ñeelul nit ko amaana mu soxlaal ko wolif li ko amal njariñ, walla mu jëme ko ci lu mu waroon a moytu; ndax nit ki dees koy laaj ay jëfam ëllëg bis-pénc.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65255